

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta *Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri* karya Haji Muhyidin jeung sumber tinulis lianna. *Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri* téh asalna ti ibu Hj. Nénéng Nani Sumarni anu padumukanana di Jl.Cigadung Raya Timur No.63 RT 05/02 Kelurahan Cigadung, Kecamatan Cibeunying Kalér. Ieu naskah mangrupa warisan turun tumurun anu baheula mah fungsina dipaké pikeun marhabaan sanggeus ngalahirkeun, nalika muludan sarta dongéng keur barudak pangajian. Sedengkeun ayeuna, pungsi ieu naskah téh ngan sakur jadi dokumén jeung arsip.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan bisa dibagankeun saperti ieu di handap:

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode deskriptif. Méthode ieu dipaké lantaran dipiharep bisa ngadéskripsikeun hasil transliterasi, analisis struktur jeung ajén agama anu ngawengku akidah, ahlak, jeung fikih dina wawacan “Hikayat Hasan Shoig Bashri”. Ku cara ngagunakeun méthode déskriptif, dipiharep bisa meunangkeun gambaran nu saayana sacara objéktif.

Dina ieu panalungtikan ogé dipaké méthode édisi standar pikeun ngagarap naskah anu ditulis dina aksara Arab Pégon. Méthode édisi standar nya éta transliterasi naskah kalayan menerkeun kasalahan-kasalahan leutik jeung anu teu ajeg, éjahanana ogé disaluyukeun jeung katangtuan anu anyar.

Dina méthode édisi standar diayakeun papasingan kecap, papasingan kalimah, digunakeun aksara gedé, pungtuasi, ogé ayana koméntar ngeunaan kasalahan-kasalahan téks.

Méthode édisi standar digunakeun sangkan panalungtik hususna jeung nu maca umumna bisa babari neuleuman kana maca éta naskah/hasil transliterasi.

3.4 Wangenan Operasional

- 1) Ajén agama nya éta ajén anu mibanda aturan atawa undang-undang anu kaunggel jero kitab suci (ngawengku tata kaimanan, tata kaidah, jeung tata *peribadahan*) anu bisa méré pituduh atawa piwuruk ka manusa.
- 2) Wawacan téh nya éta karya sastra naratif anu digelarkeun dina wangun puisi pupuh, biasana sok ditembangkeun atawa didangdingkeun.
- 3) Hikayat Hasan Shoig Bashri nya éta hiji wawacan nu ditulis maké aksara Arab Pégon, eusina mangrupa lalampahan hirup jalma nya éta Hasan Shoig Bashri anu leket pisan kana agamana nya éta Islam.
- 4) Bahan ajar maca nya éta sagala wangun bahan pikeun sarat prosés ngajar jeung diajar maca, sangkan bisa ngabantuan guru/dosén/instruktur sarta murid dina ngalaksanakeun kagiatan pembelajaran maca.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, dipaké instrumén nu mangrupa kartu data anu fungsina pikeun nyimpen data-data nu dianalisis.

Gambar 3.1

Conto Kartu Data Analisis Struktur Intrinsik

<p>Kode data : 4/5/1/2/8 Struktur nu dianalisis : Latar Cutatan : Urang Ajam dongkap deui Ka warung madep ka Hasan Barang jol téh tuluy ngomong Hé alo anjeun téh bujang Nu kasép anu utama Ari amang téh teu gaduh Anak lalaki tapisan</p>
--

Gambar 3.2

Conto Kartu Data Analisis Ajén Agama

<p>Kode data : 1/5/2/42/462 Unsur nu dianalisis : Aqidah Cutatan : Teu aya panginten teuing Moal aya nu tiasa Nyalametkeun ka abdi téh Anging ku Allah taala Ari akang kedah énggal Nyar pigeusaneun nyumput Ulah ngaragragkeun nyawa</p>
--

Dina pengkodean data, dilakukeun dumasar unsur nu dianalisis. Data nu ditulis dina pengkodean nya éta struktur/ajén agama, urutan data, jilid, kaca jeung pada data anu aya dina sumber data. Contona dina pengkodean analisis struktur intrinsik aya kode 4/5/1/2/8. 4 mangrupa kode pikeun latar, 5 mangrupa kode urutan data, 1 mangrupa kode jilid, 2 mangrupa kode kaca, sarta 8 mangrupa kode pada. Kode pikeun analisis unsur intrinsik nya éta (1) téma; (2) palaku; (3) galur; (4) latar; (5) puseur sawangan; jeung (6) gaya basa.

Kitu ogé dina pengkodean ajén agama dina wawacan. Contona nya éta 1/5/2/42/462. 1 mangrupa kode pikeun aqidah, 5 mangrupa kode urutan data, 2

Rindi Vaivti Melodi, 2013

AJÉN AGAMA DINA WAWACAN HIKAYAT HASAN SHOIG BASHR

PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

mangrupa kode urutan jilid, 42 mangrupa kode kaca, sarta 462 mangrupa kode pada. Kode pikeun nganalisis ajén agama nya éta (1) Aqidah; (2) Ahlak; jeung (3) Fiqih.

Salian ti ngagunakeun kartu data, dina ieu panalungtikan digunakeun sistem tabél atawa sistem tabulasi pikeun nganalisis unsur-unsur karya sastra dina wawacan *Hikayat Hasan Shoigh Bashri*. Udaganana nya éta sangkan gampang dina nganalisis data sarta gampang nyieun kacindekanana.

Tabél 3.1

Sistem Papasingan Struktur dina Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

No.	Unsur Intrinsik	Data
1	2	3
1.	Téma	
2.	Galur	
3.	Palaku (utama, kadua, jeung tambahan)	
4.	Latar (tempat, waktu, jeung sosial)	
5.	Puseur Sawangan (<i>Point of view</i>)	
6.	Gaya Basa	

Tabél 3.2

Sistem Papasingan Ajén Agama dina Wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri

No	Ajén Agama			Kode Data
	Aqidah	Ahlak	Fiqih	
1	2	3	4	5
1.				
2.				
3.				
4.				

Rindi Vaivti Melodi, 2013

AJÉN AGAMA DINA WAWACAN HIKAYAT HASAN SHOIG BASHR

PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | Repository.upi.edu | Perpustakaan.upi.edu

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode anu digunakeun, dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik studi pustaka pikeun ngumpulkeun data kalawan maké cara nalaah sababaraha pustaka sangkan bisa neuleuman tiori-tiori anu aya patalina jeung garapan panalungtikan. Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data:

- 1) ngumpulkeun bahan anu aya patalina jeung panalungtikan;
- 2) maca buku-buku ngeunaan sastra, tiori filologi, ajén agama, jeung bahan pangajaran maca; jeung
- 3) ngayakeun konsultasi ka dosén pangaping.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téknik anu digunakeun pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta analisis data. Téhnik analisis data dilakukeun pikeun ngaanalisis nepi ka kapanggih naon-naon anu jadi rumusan masalah nya éta ngaanalisis struktur jeung ajén agama dina nsakah “Hikayat Hasan Shoig Bashri”. Léngkah-léngkah dina ngolah data, nya éta:

- 1) niténan data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyusun transliterasi naskah wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri;
- 3) nganalisis wawacan Hikayat Hasan Shoig Bashri sakumaha anu geus kaunggel dina rumusan masalah;
- 4) nyusun bahan pangajaran maca kelas XII; jeung
- 5) nyindekkeun data.